# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

सात फेरा में हो रहल लोकसभा चुनाव 2024 क पहिला फेरा में आजु परेदस क आठ संसदीय सीटिन बिजनौर, मुरादाबाद, कैराना, मुजफ्फरनगर, नगीना, सहारनपुर, रामपुर अउर पीलीभीत बदे सान्तिपूर्ण तरिका से मतदान हो रहल हौ। मतदान भिन्नही सात बजे सुरू भइल। आखिरी खबर मिलले तक साम छह बजे ले जेतना ओटर ओटिंग सेनटर पे लाईन लगवले रहले उनकर मतदान करावल जा रहल हौ। आजु जउन आठ सीटिन बदे मतदान हो रहल हौं उहां कुल अस्सी ओम्मेदवार मैदान में हवे जिहमे सात महिला हईनि। सबसे बेसि चौदह ओम्मेदवार कैराना सीटि बदे हवे जबकि सबसे कम छह–छह ओम्मेदवार नगीना अउरि रामपुर सीटि से मैदान में हवे। ओटिंग बदे सात हजार से बेसी मतदान केन्द्र अउर 14 हजार 842 पोलिंग बूथ बनावल गइल। चुनाव आयोग से मिलल आंकड़ा के मोताबिक आजु संझा पांच ले 57 फिसदी मतदान भइल। येह समय ले सहारनपुर में सबसे बेसी 63 दशमलव 46 फिसदी, अउरि रामपुर में सबसे कम 52 दशमलव 42 फिसदी ओट पड़ल रहे। दूसरको सीटिन में, बिजनौर में 54 दशमलव 68 फिसदी, मुरादाबाद में 58 दशमलव 06. फिसदी, कैराना में 56 दशमलव 68 फिसदी, मुजफ्फरनगर में 54 दशमलव 9 फिसदी, नगीना में 58 दशमलव 05 फिसदी, और पीलीभीत में 60 दशमल 1 फिसदी ओटर आपन ओट दिहले।

**********

लोकसभा के चउथा फेरा क अधिसूचना कल्हि जारी भइले के साथै परदेश क 13 सीटिन–शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर और बहराइच में परचा भरल सुरू हो गइल हौ। येह क्षेत्रन में 25 अपरैल ले परचा दाखिल कइल जा सकी। ओटिंग 13 मई के करावल जाइ। येह 13 सीटिन बदे परचा दाखिला के सथहि तीसरकों फेरा बदे परचा दाखिला जारी हौ। तीसरी फेरा में परदेस क 10 सीटिन– संभल, हाथरस, आगरा, फतेहपुर सीकरी, फिरोजाबाद, मैनपुरी, एटा, बदायूं, बरेली अउरी आंवला में सात मई के ओट पड़ी। तीसरका फेरा बदे परचा दाखिला क आज आखिरी दिन रहे।

**********

लोकसभा चुनाव में आपन जीत बदे सज्जों राजीनितिक परटी क परमुख नेता लोगि चुनाव परचार तेजी कइ दिहले हवे। प्रधानमंत्री अउर भाजपा क सीनियन नेता नरेनदर मोदी अमरोहा में एगो चुनावी जनसभा में तीसरका बेरि भाजपा का सरकार बनवले क अपील कइले। श्री मोदी कहले कि सामाजिक न्याय बदे ऊ दिन राति काम कइ रहल हवे। कुछ पारटी तुष्टीकरण क राजनीत कइल रहल हवे। बकिर परदेस के लोग येह खेल के समझ रहल हवे। श्री मोदी कहले कि पहिले क सरकार के समय में परदेस क पहचान पिछडल राज्य क रहे बकिर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क अगुआई में अब एकर पहचान अपराध मुक्त अउर विकास परक राज्य हौ। मुख्यमंत्री अउर भाजपा क सीनियर नेता योगी आदित्यनाथ अमरोह के सथही बुलंदशहर अउर गाजियाबादों मे जनसभा के संबोधित कइले। श्री योगी कहले कि ई लोगिन के रूझान से ई तय हो गइल हवे कि जनता एक बार फेर मोदी सरकार के चुनले बदे उतावली हौ। समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव आजु गौतमबुद्ध नगर में एगो चुनावी जनसभा क संबोधित कइके परटी ओम्मेदवार के जीतवले क अपील कइले। उहां के कहली कि इण्डिया गठबंधन भाजपा से मोकाबिला बदे तैयार हौ। अखिलेश यादव कहले कि जब इलेक्टोरल बॉन्ड क बात हो रहल हौ। तब भाजपा नेता घबरा जा रहल हवे। उहां के कहली कि इण्डिया गठबंधन क सरकार बनले पर किसानन अउर नवजवानन बदे कई गो खास कार कइल जाई।

**********

लोकसभा चुनाव में बेसी मतदान बदे निर्वाचन आयोग के दिसा निरदेस पर सज्जों जिलन में मतदाता जागरूकता का कार्यक्रम हो रहल हौ। बनारस जिला में आजु सनातन धरम इण्टर कॉलेज में मतदाता जागरूकता पोस्टर प्रतियोगिता के जरिया से लोगिन के मतदान क महातम समझावल गइल। जौनपुर में एगो अस्पताले में मतदाता लोगिन के ओटि दिहले क संकल्प दियावल गइल। गोरखपुर में दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय परिसर में एगो कार्यक्रम मे जुटल लोगि मतदान के दिन ओट डरले क सपत लिहले। चित्रकूट जिलों में कई विद्यालयन में मतदाता जागरूकता से जुडल प्रतियोगिता आयोजित कइल गइल।

**********

परदेश सासन लोकसभा चुनाव में ड्यूटी करे वाले होम गार्ड् स्वंय सेवकन के अग्रिम ड्यूटी भत्ता के भुगतान के मंजूरी दे देहले हौ। एकरे मोताबिक चुनाव ड्यूटी में तैनात होखे वाले वाले होमगार्डन के ड्यूटी भत्ता क चालीस फिसदी पहिलवे दे दिहल जाइ। ऐह व्यवस्था से करीब पचास हजार होमगार्ड्न के फायदा मिली। जिनकर ड्यूटी अलग–अलग फेरा में लगावल जाइ।

**********